

# MEKARKEUN SILABUS DI TK/RA

Yayat Sudaryat

## 1. Purwawacana

Dina ieu tulisan dipidangkeun perkara mekarkeun silabus di TK/RA. Aya sawatara hal anu baris dipidangkeun teh, di antarana bae, (1) wangenan silabus, (2) mekarkeun silabus, (3) wengkuan mekarkeun silabus, (4) ngararancang

## 2. Wangenan Silabus

Silabus nyaeta rarancang pangajaran dina hiji atawa gundukan mata pelajaran/tema nu tangtu, anu ngawengku standar kompetensi, kompetensi dasar, materi lulugu/pembelajaran, indikator, penilaian, alokasi waktu, jeung sumber/bahan/alat belajar. Silabus mangrupa penjabaran standar kompetensi jeung kompetensi dasar kana materi lulugu/pembelajaran, kagiatan pembelajaran, jeung indikator horizontal kompetensi pikeun penilaian.

## 3. Mekarkeun Silabus

Silabus dimekarkeun dumasar kana Peraturan Pemerintah Republik Indonesia Nomor 19 tahun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan, nyaeta:

“Sekolah dan komite sekolah, atau madrasah dan komite madrasah, mengembangkan kurikulum tingkat satuan pendidikan dan **silabusnya** berdasarkan kerangka dasar kurikulum dan standar kompetensi lulusan, di bawah supervisi dinas kabupaten/kota yang bertanggung jawab di bidang pendidikan untuk SD, SMP, SMA, dan SMK, dan departemen yang menangani urusan pemerintahan di bidang agama untuk MI, MTs, MA, dan MAK” (Pasal 17 Ayat 2). Ssatuluyna, “Perencanaan proses pembelajaran meliputi **silabus** dan rencana pelaksanaan pembelajaran yang memuat sekurang-kurangnya tujuan pembelajaran, materi ajar, metode pengajaran, sumber belajar, dan penilaian hasil belajar” (Pasal 20).

Mekarkeun silabus dilaksanakeun dina lima tahap, nyaeta (1) ngararancang, (2) prakna ngalaksanakeun, (3) ngomean, (4) ngantebkeun, jeung (5) penileyan.

Saha anu mekarkeun silabus di TK/RA? Tangtu wae, anu mekarkeun silabus teh nyaeta: (1) Guru TK/RA, (2) Kelompok Kerja Guru (KKG), (3) Kelompok Kerja Kepala TK (K3TK), (4) Kelompok Kerja Pengawas Sekolah (KKPS), jeung (5) Dinas Pendidikan.

## 4. Wengkuan Mekarkeun Silabus

Mekarkeun silabus ngawengku (1) ngararancang program semester, (2) ngararancang program mingguan, (3) ngararancang program poean.

### a) Ngararancang Program Semester

Ngararancang program semester mangrupa program pembelajaran anu eusina jaringan tema, widang mekarkeun, kompetensi dasar, hasil diajar, jeung indikator anu ditata kalawan ngaruntuy tur ngentep seureuh, alokasi waktu anu dipikabutuh pikeun unggal jaringan tema, katut sumebarna kana semester 1 jeung 2.

Cara mekarkeun program semester langkah-langkahna kieu.

- Nengetan dokumen Kurikulum, nyaeta raraga dasar, standar kompetensi, jeung kompetensi dasar.
- Nangtukeun tema anu bisa ngagumulungkeun eta kompetensi-kompetensi pikeun unggal kelompok dina sasemester

- Nyieun “Matriks Hubungan Kompetensi Dasar jeung Tema”. Dina ieu taha anu kudu dilaksanakeun teh nyaeta nyusupkeun hasil diajar jeung indikatot kana jaringan tema.
- Netapkeun alokasi waktu tiap jaringan tema jeung nitenan kamungkinan wengkuan pedaran tema jeung minggu efektif sakola.

Geura urang tengetan conto sebaran tema per semester.

### **Tema Semester 1**

<b>No.</b>	<b>Tema</b>	<b>Alokasi Waktu</b>
1.	Diri Sendiri	3 Minggu
2.	Lingkunganku	4 Minggu
3.	Kebutuhanku	4 Minggu
4.	Binatang	3 Minggu
5.	Tanaman	3 Minggu
JUMLAH		17 Minggu

### **Tema Semester 2**

<b>No.</b>	<b>Tema</b>	<b>Alokasi Waktu</b>
1.	Rekreasi	3 Minggu
2.	Pekerjaan	3 Minggu
3.	Air, Udara, dan Api	2 Minggu
4.	Alat Komunikasi	2 Minggu
5.	Tanah Airku	3 Minggu
6.	Alam Semesta	3 Minggu
JUMLAH		17 Minggu

#### **Catetan:**

Antara minggu ka-8 jeung ka-9 dina semester I jeung II diayakeun kagiatan tengah semester anu lilana 4 poe, upamana bae: kagiatan pekan olahraga jeung seni (PORSENI), karyawisata/rekreasi, lomba kreativitas, praktek pembelajaran, bazar, jsb. Kagiatan tengah semester tujuanana pikeun mekarkeun bakat, kapribadian, prestasi jeung kreativitas barudak dina raraga mekarkeun atikan anu gembleng.

#### **b) Ngararancang Program Mingguan**

Ngararancang mingguan disusun dina wangun satuan kagiatan mingguan (SKM). SKM mangrupa wincikan tina ngararancang program semester anu eusina kagiatan dina raraga ngahontal indikator anu geus dirarancang dina saminggu anu luyu jeung legana bahasan tema jeung subtema. Rarancang mingguan bisa disusun dina wangun satuan kagiatan mingguan (SKM) model pembelajaran kelompok jeung satuan kegiatan mingguan (SKM) model pembelajaran dumasar minat.

Komponen SKM model pembelajaran kelompok ngawengku: (1) Tema jeung subtema, (2) Alokasi waktu, (3) Aspek pamekaran, jeung (4) Kagiatan per aspek pamekaran.

Langkah-langkah mekarkeun SKM model pembelajaran, nyaeta:

- Ngawincik tema jeung subtema

- Ngawincik indikator jadi kagiatan-kagiatan dina widang pamekaran kana program semester
- Nyieun matrik hubungan antara tema, subtema jeung kegiatan
- Nangtukeun alokasi waktu pikeun unggal SKM

### c) Ngararancang Program Poean

Ngararancang program poean disusun dina wangun satuan kegiatan harian (SKH). SKH mangrupa wincikan tina satuan kegiatan mingguan (SKM). SKH ngamuat kagiatan pembelajaran, boh anu dilaksanakeun ku cara individual, kelompok, boh klasikal dina sapoe. SKH ngawengku (a) kagiatan awal, (b) kegiatan inti, (c) istirahat/makan, jeung (d) kagiatan ahir.

*Kagiatan awal* mangrupa kagiatan pikeun ngahudang karep diajar anu dilaksanakeun kalawan klasikal. Upamana bae: ngadunga, ngucapkeun salam, nyaritakeun tema atawa subtema.

Kegiatan inti mangrupa kagiatan anu bisa ngagorejagkeun perhatian, kamampuh, sosial jeung emosional barudak. Ieu kegiatan bisa dihontal ku kagiatan anu mere kasempetan ka barudak pikeun nyungsi (eksplorasi jeung eksperimen) nepi ka bisa ngahudang inisiatif, kemandirian jeung karancagean (kreativitas) barudak, sarta kagiatan anu bisa ngundakkeun panyangkem, konsentrasi jeung mekarkeun kabiasaan gawe anu hade. Kegiatan inti mangrupa kagiatan anu dilaksanakeun kalawan individual/kelompok.

Ngaso (istirahat) mangrupa kagiatan anu dipake pikeun ngeusian kamampuh barudak anu patali jeung dahar, nginum, ngawanohkeun kasehatan, kadaharan nu gizian, cara dahar nu dimimitian jeung dipungkas ku kokocok jeung ngadunga. Ti dinya kakara barudak arulin di luareun kelas anu maksudna pikeun mekarkeun raga badag (motorik kasar) barudak tur ngamasyarakat (sosialisasi). Ieu kagiatan diluyukeun kana kahayang barudak. Runtuyanana bisa tina dahar kana ulin, atawa sabalikna.

Kegiatan ahir mangrupa kagiatan anu dilaksanakeun kalawan klasikal. Upamana wae, macakeun carita tina buku, ngaragakeun carita, ngadiskusikeun kagiatan sapoe atawa ngawarkeun kagiatan keur poe isukna, ngawih, ngadunga, jsb.

## 5. Model Satuan Kegiatan Harian

Satuan kegiatan harian (SKH) bisa disusun dina wangun model pembelajaran kelompok dan SKH pembelajaran dumasar kana minat.

### a. SKH Model Pembelajaran Kelompok

Komponen SKH Model Pembelajaran Kelompok, ngawengku: (1) Poe, tanggal, waktu, (2) Indikator, (3) Kagiatan pembelajaran, (4) Alat/sumber belajar, (5) Meunteun kamekaran barudak.

Langkah-langkah Nusun SKH Model Pembelajaran Kelompok, nyaeta:

- Milih kagiatan anu luyu dina SKM pikeun diasupkeun kana SKH. Nuliskeun indikator dina SKH dibere katerangan widang pamekaran.
- Ngarumuskeun kagiatan anuluyu pikeun ngahontal indikator anu dipilih dina SKH
- Ngawincik kagiatan kana kagiatan awal, inti, jeung ahir. Dian kagiatan inti, kagiatan pembelajaran diwincik kana kelompok luyu jeung program anu dirarancang.
- Milih metodeu anu luyu jeung kagiatan anu dipilih
- Milih alat/sumber diajar anu bisa ngadeudeul kagiatan pembelajaran anu reka dipilampah.
- Nyusun alat penileyan anu bisa ngukur kahontalna indikator.

### **b. SKH Model Pembelajaran Berdasarkan Minat**

Komponen SKH Model Pembelajaran Kelompok, ngawengku: (1) Poe, tanggal, waktu, (2) Indikator, (3) Kagiatan pembelajaran, (4) Alat/sumber belajar, (5) Meunteun kamekaran barudak.

Langkah Nyusun SKH Berdasarkan Minat, nyaeta:

- Milih jeung nata kagiatan kana SKH.
- Ngawincik kagiatan anu dipilih kana kgiatan awal, inti, jeung kagiatan ahir.
- Dina kagiatan inti, kagiatan pembelajaran diluyukeun kana minat (area) anu arek dilaksanakeun
- Milih metodeu anu saluyujeung kagiatan anu dipilih
- Milih alat/sumber diajar anu ngadeudeul kagiatan diajar anu rek dipilampah.
- Milih jeung nyusun alat penileyan anu bisa ngukur kahontalna hasil diajar atawa indikator.

### **6. Pancawacana**

Nyusun program mekarkeun kamampuh basa Sunda mangrupa tarekah dina ngokolakeun Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) basa Sunda anu geus dipedalkeun ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Eusina ngawengku (1) ngararancang program pembelajaran, (2) mekarkeun silabus, (3) ngararancang program semester, mingguan, jeung poean.